

WE ARE YOUR DOL



Division of Labor Standards
Permit and Certificate Unit
Building 12, Room 266A
1220 Washington Avenue
Albany, NY 12226
(518) 457-1942

Enstriksyon sou Anprent Dijital pou Nouvo Aplikan pou Sètifika Anrejistreman Kontraktè Travay Agrikòl

Ou dwe fè enprent dwèt ou nan yon lokal Morpho Trust USA nan Eta New York. Ou dwe pwograme yon randevou alavans.

1. Pou w pwograme yon randevou:

Itilize sitwèb la <https://uenroll.identogo.com/> oswa rele gratis nan (877) 472-6915 pou pwograme yon randevou ak pou jwenn yon lokal nan Eta New York ki pi pre w.

Bay kòd sèvis ki annaprè a lè ou pwograme yon randevou: **15459X**.

2. Frè:

Pri total la se \$101.75. Sa a se pou frè enprent \$88.25 plis yon frè lavant pou \$13.50. Verifye avèk Morpho Trust USA pou pri aktyèl la kòm frè yo ka chanje.

Ou ka peye swa lè wap mete randevou a sou entènèt oswa nan moman sèvis la.

3. Idantifikasyon (ID):

Pote **de** fòm ID nan randevou w la. Youn nan ID yo dwe gen ladan yon foto.

4. Swivi:

Yo pral ba ou de resi apre eskanè enprent lan:

- Kenbe yon resi pou swivi.
- Voye dezyèm kopi resi a avèk aplikasyon w.

Sèvis la pral transmèt anprent ou bay Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York (DCJS) pou tretman. DCJS pral itilize kòd sèvis anwo a pou voye rezilta yo nan Inite Sètifika & Pèmi nan Depatman travay Eta New York.